

PREPARE POU ANTRE  
NAN TANP SEN AN



P R E P A R E P O U A N T R E  
N A N T A N P S E N A N

Ti liv sa a se yon abreje

*Le temple sacré,*

pa Boyd K. Packer

Paj kouvèti: Tanp Salt Lake la

Paj dèyè: Tanp Laie nan peyi Hawaii

©2002 pa Intellectual Reserve, Inc.

Tout dwa rezève

Enprime nan Etazini Damerik

Apwobasyon Anglè: 8/02

Apwobasyon Tradiksyon: 8/02

Tradiksyon *Prepare pou antre nan Tanp Sen an*

Haitian Creole

## ALE NAN TANP

Gen anpil rezon ki fè yon moun dwe vle ale nan tanp. Menm aparans li montre bi esprityèl pwofon li. E sa ki andedan l yo pi plis ankò. Devan pòt tanp lan yo toujou ekri “Sentete pou Senyè a”. Lè nou antre nan nenpòt tanp ki dedikase, nou nan kay Senyè a.

Nan legliz la nou bati tout kalite bilding. Andedan yo, nou adore, nou anseye, nou rekreye nou, nou òganize. Nou ka òganize pye ak pawas ak misyon ak kowòm ak Sosyete Sekou nan bilding sa yo oubyen menm nan sal nou lwe. Men, lè n ap òganize fanmi nan fason Senyè a te revele, nou òganize yo nan tanp. Maryaj nan tanp, òdonans sèlman, se yon benediksyon ki enpòtan ke nou ka fè nan tanp sen an.

Nan tanp yo manm legliz ki kalifye ka patisipe nan pati ki pi egzalte nan òdonans redanmsyon yo ki revele a limanite. Nan kote sa a, nan yon seremoni sakre, yon moun ka lave epi wen epi enstwi epi dote epi sele. Epi lè nou fin resevwa benediksyon sa yo pou tèt pa nou, nou ka patisipe nan òdonans pou moun ki mouri san yo pa t gen opòtinite sa a. Nan tanp, yo akonpli òdonans sakre pou moun ki vivan ak moun ki mouri tou. Gen fon batismo, kote yo fè batèm pou moun ki mouri yo, pa moun ki vivan k ap aji nan plas moun ki deja mouri yo.

“Ale nan tanp”. Si se pa kounyeya, vini vit. Priye avèk fèvè, mete lavi nou annòd, ekonomize sa nou kapab nan espwa ke jou sa a ap vini. Kòmanse vwayaj difisil epi dekourajan repantans lan kounyeya. Tanp lan transfòme moun e rann meyè anpil tou nenpòt efò ki fèt pou ale ladan n. Pou kèk moun, k ap viv lwen yon tanp, tanp lan ap vin jwenn nou anvan nou ka gen opòtinite pou n ale—ke nou diy epi ke nou ale nan tanp.

## *BAGAY SA YO SAKRE*

Yon lekti ekriti yo avèk swen revele ke Senyè a pa di tout moun tout bagay. Gen kèk kalifikasyon ki tabli ki nesèsè anvan yon moun resevwa enfòmasyon ki sakre. Seremoni tanp yo an-tre nan kategori sa a.

Nou pa pale sou òdonans tanp yo deyò tanp yo. Entansyon Bondye se pa ke konesans seremoni tanp sa yo dwe limite a moun ki privilejye ki ap asire yo ke pèsonn lòt moun pa ka aprann yo. Okontrè, se opoze a. Avèk gwo efò, nou enplòre chak nanm pou yo kalifye epi prepare tèt yo pou eksperyans tanp yo. Yo deja anseye moun ki deja ale nan tanp yo yon ideyal: Yon jou chak nanm ki vivan ak chak nanm ki te viv ap gen opòtinite pou yo tande levanjil la epi aksepte oubyen rejte sa tanp yo ofri yo. Si yo rejte opòtinite sa a, responsablite a ap responsablite moun nan poukont li.

Odonans ak seremoni tanp yo senp. Yo bèl. Yo sakre. Yo kenbe yo sakre pou moun ki pa ko prepare pou yo. Kiryozite pa yon preparasyon. Yon pwofon enterè pa yon preparasyon. Preparasyon pou òdonans yo gen ladan yo etap preliminè yo: lafwa, repantans, batèm, konfimasyon, diyite, yon matirite ak diyite moun ki vini kòm envite nan kay Senyè a.

Nou dwe prepare anvan nou ale nan tanp. Nou dwe diy pou n ale nan tanp. Gen restriksyon ak kondisyon ki tabli. Yo te tabli pa Senyè a e non pa lèzòm. E, Senyè a gen tout dwa ak otorite pou kòmande ke bagay ki gen relasyon a tanp rete sakre epi konfidansyèl.

Tout moun ki diy epi ki kalifye nan tout bagay dwe ale nan tanp, pou yo ka entwodui yo nan rit ak òdonans sakre yo.

## *DIY POU ANTRE*

Yon fwa ou gen konpreyansyon sou valè benediksyon tanp yo ak karaktè sakre òdonans k ap akonpli nan tanp, w ap mwen dispoze pou mete an dout prensip wo ki tabli pa Senyè a yo pou antre nan sen tanp lan.

Ou dwe gen yon rekòmandasyon ki valid pou yo admèt ou nan tanp lan. Rekòmandasyon sa a dwe siyen pa evèk la ak prezidan pye ou. Nan chan misyon an, natirèlman, prezidan branch lan ak prezidan misyon an gen responsablite pou yo

bay rekòmandasyon tanp. Se sèlman moun ki diy ki dwe ale nan tanp. Evèk la gen responsablite pou li mennen ankèt sou diyite pèsònèl nou. Entèvyou sa a gen gwo enpòtans pou ou antanke yon manm legliz la, paske se yon okazyon pou egzamine avèk yon sèvitè Senyè a òdone direksyon lavi ou. Si ta gen nenpòt bagay ki pa dwat nan lavi ou, evèk la ap kapab ede w rezoud li. Pa pwosedi sa a, pandan w ap fè konsèy avèk sèl jij an Izrayèl la, ou ka deklare oubyen ka ede tabli diyite ou pou antre nan tanp lan avèk apwobasyon Senyè a.

Prezidan N. Eldon Tanner, ki te sèvi kòm Premye Konseye nan Premye Prezidans lan, te pale sou entèvyou nan reyinyon jeneral prèttriz la. Konsèy li gen sans ni pou dirijan legliz yo ki ap dirije entèvyou a ni manm ki ap pase entèvyou a. Konsidere konsèy sa a avèk swen:

Nou menm evèk ak prezidan pye dwe fè apwòch nan entèvyou yo pou yon rekòmandasyon tanp sou bagay tankou sa a:

“Ou vin kote m pou yon rekòmandasyon pou ale nan tanp. Mwen gen responsablite pou m reprezante Senyè a pandan m ap entèvyouve w la. Nan fen entèvyou a mwen gen yon kote pou m siyen sou rekòmandasyon an; men siyati pa m nan se pa sèl siyati ki enpòtan sou rekòmandasyon an. Pou rekòmandasyon an valid, ou dwe siyen l ou menm tou”.

“Lè ou siyen rekòmandasyon ou, ou pran yon angajman avèk Senyè a pou ou diy pou privilèj li bay moun ki gen yon rekòmandasyon konsa. Gen anpil kesyon prensip mwen pral mande w. . . . Ou dwe reponn yo chak onètman”.

Kounyeya, apre yo fin mande w kesyon sa yo, ou ka anvi ajoute kèk bagay tankou sa a: “Yon moun ki a prale nan kay Senyè a dwe lib de tout bagay ki pa pi, ki pa sen, oubyen de pratik ki pa natirèl.” . . .

Entèvyou nou yo dwe fèt nan lanmou, nan modesti. Anpil fwa bagay yo ka korije si ou mande: “Eske gen yon rezon ki fè w santi w pa konfòtab oubyen petèt menm pa onèt a Senyè a si w ta dwe siyen pwòp rekòmandasyon tanp ou?”

“Eske ou ta renmen pran yon ti tan pou repase kèk bagay ki trè pèsònèl anvan ou siyen li? Sonje, Senyè a konnen tout bagay e yo pap pase l nan rizib. N ap eseye ede ou. Pa janm

manti pou w eseye jwenn yon apèl, yon rekòmandasyon, ni yon benediksyon nan men Senyè a.”

Si w fè apwòch yo jan l souliyen anlè a, manm lan gen responsablite pou l entèvyouve tèt li. Evèk la oubyen prezidan pye a gen dwa a pouvwa disèneman. Li ap konnen si wi ou non gen yon bagay ki pa ale byen ki bezwen ranje anvan yo ba nou yon rekòmandasyon. (“The Blessing of Church Interviews,” *Ensign* [Novanm 1978]: 42–43.)

Entèvyou pou yon rekòmandasyon pou tanp lan fèt an prive ant evèk la ak manm legliz ki konsène a. Lè sa a yo poze manm lan kesyon sou konduit pèsònèl li, diyite li, ak lwayote li a legliz la ak dirijan l yo. Moun nan dwe sètifye ke li moralman pi epi li respekte Pawòl Sajès la, li peye yon dim konplèt, l ap viv an amoni avèk ansèyman legliz yo, epi tou li pa gen okenn afilyasyon avèk gwoup apostata. Evèk la konnen ke konfidansyalite nan bagay sa yo nan chak entèvyou gen gwo enpòtans.

Repons ki akseptab a kesyon evèk yo ap òdinèman etabli diyite yon moun pou l resevwa yon rekòmandasyon pou tanp. Si yon moun pa respekte kòmandman yo oubyen si gen yon bagay li pa t repanti pou li nan lavi li ke li bezwen mete annòd, li ap nesèsè pou moun sa a montre vrè repantans anvan yo ba li yon rekòmandasyon pou ale nan tanp.

Lè evèk la fin fè yon entèvyou konsa, yon manm prezidans pye a entèvyouve nou chak tou anvan nou ale nan tanp. Si nou prale nan tanp pou premye fwa, òdinèman se prezidan pye a pèsònèlman ki fè entèvyou a.

Se si, lè nou vin fè yon entèvyou pou yon rekòmandasyon pou tanp nou dwe akseptè jijman moun ki deziye pou l jij nan Izrayèl la, ki responsab pou reprezante Senyè a nan detèmine si wi oubyen non li posib pou ou antre nan kote ki sakre sa a.

## *PREMYE FWA EPI CHAK FWA*

Si ou prale nan tanp pou premye fwa li toutafè nòmal pou ou yon ti jan enève. Pa nati nou gen pwoblèm pou tout sa ki enkonni. Nou souvan vin nève nan nouvo eksperyans.

Ou mèt trankil. Ou prale nan tanp. W ap jwenn yon moun pou ede ou nan tout kote nan tanp lan. Y ap gide ou avèk swen—ou mèt trankil.

Lè ou antre nan tanp ou dwe gen reverans. Si ou bezwen fè nenpòt konvèsasyon pale tou piti. Natirèlman, pandan tan enstriksyon yo ou dwe gen reverans epi rete trankil.

Gen kèk kote kounyeya ki bay yon opòtinite pou medite nan reverans trankil. Anvan ou antre nan kèk tanp pou kòmanse travay òdonans yo, tout moun k ap asiste yo toujou rasanble nan chapèl bilding lan. Nan kote sa a manm yo tann jiskaske tout moun fin rasanble. Jeneralman nan lavi, nou ka vin pa gen pasyans pou tann. Pou nou devan nan yon sal epi apre vin oblije tann jiskaske dènye moun nan antre anvan tout bagay fèt ka lakoz iritasyon nan lòt sikonstans. Men nan tanp lan se opoze a ki fèt. Tann sa a se yon opòtinite ki mèveye. Ala yon privilèj sa ye pou chita trankilman san pale epi dirije lespri w nan panse ki reveran epi esprityèl! Se yon rafrechisman pou nanm.

Lè ou ale nan tanp, sonje ou se yon envite nan kay Senyè a. Se yon moman lajwa, men yon moman lajwa ki trankil. Kèkfwa nan yon maryaj nan tanp li nesèsè pou fè paran yo ak zanmi yo sonje lè y ap konplimante, montre lanmou yo, epi bay souwè yo a manm fanmi ke yo pa wè pandan lontan, yo dwe fè sa nan yon fason dousman, avèk reverans. Pale fò ak ri fò pa gen plas yo nan Kay Senyè a.

Suiv direksyon moun k ap travay nan tanp yo. Ap toujou gen yon moun pou gide ou.

## *ANSEYE NAN MEN ANWO*

Anvan w ale nan tanp premye fwa, oubyen menm si apre w ale anpil fwa, sa ka ede ou si ou reyalize ke ansèyman yo bay nan tanp yo fèt nan yon fason senbolik. Senyè a, Mèt Enstriktè a, te bay anpil ansèyman nan fason sa a.

Tanp lan se yon gwo lekòl. Se yon kay kote moun aprann. Nan tanp yo yo kenbe yon atmosfè ki ideyal pou enstriksyon sou bagay ki pwofon epi esprityèl anpil anpil. Dr John A. Widtsoe ki te nan Kolèj Douz Apot yo sete yon prezidan inivèsite ki te distenge anpil e li te yon gwo savan ki te gen anpil renome. Li te gen gran reverans pou travay tanp e yon fwa li te di:

Odonans tanp yo gen ladan yo plan sali a annantye, jan li anseye tanzantan pa dirijan legliz yo, e li eklere bagay ki





*Sal selès, Tanp Vernal nan peyi Uta*

difisil pou konprann yo. Yo pa bezwen chanje ansèyman tanp yo pou rann yo tonbe dakò avèk gran plan sali a. Karaktè filozofik konplè dotasyon an se youn nan gwo agiman pou verite òdonans tanp yo. Plis ankò, revizyon konplèt sa a ak ekspoze plan levanjil la, rann adorasyon tanp youn nan metòd ki pi efektiv pou rafrech memwa moun sou tout estrikti levanjil la.

Gen yon lòt bagay ki toujou parèt pou mwen kòm yon evidans enteryè ki fò pou verite travay tanp. Dotasyon an ak travay tanp yo jan Senyè a te revele yo bay Pwofèt Joseph Smith . . . ka divize an kat pati byen klè: òdonans preliminè yo; bay ansèyman yo pa lekti oubyen pa reprezantasyon; alyans yo; epi, finalman, tès konesans yo. Mwen doute ke Pwofèt Joseph, ki pa t tèlman save ni antrene nan lojik, taka li menm fè dè bagay ki si lojik konsa. (John A. Widtsoe, "Temple Worship," *The Utah Genealogical and Historical Magazine* 12 [Avril]: 58.)

Pou site yon atik Èldè Widtsoe ankò:

N ap viv nan yon mond senbòl. Nou pa konn anyen san se pa pa senbòl. Nou fè kèk mak sou yon fèy papyè, e nou di ke yo fòmè yon mo, ki vle di lanmou, oubyen rayiman, oubyen charite, oubyen Bondye oubyen etènite. Mak yo ka pa tèlman bèl nan je. Pa gen pèsonn ki twouve gen fot nan senbòl ki nan paj yon liv paske yo pa osi puisan nan pwòp bote pa yo ke bagay yo reprezante yo. Nou pa ka kesyone senbòl B-o-n-d-y-e a paske li pa trè bèl, men li reprezante majeste Bondye. Nou kontan pou n gen senbòl, lè nou konprann siyifikasyon yo, lè yo klè pou nou. M ap pale avèk nou aswè a; nou pa twò kesyone fason m ap pale a, ni mo mwen chwazi yo, nan suiv sans panse m ap eseye klarifye pou nou yo, nou bliye ni mo ni fason. . . .

N ap viv nan yon mond senbòl. Pa gen ni gason ni fi ki soti nan tanp lan dote jan sa dwa, si l pa wè, dèyè senbòl yo, reyalyite puisan senbòl yo reprezante a. ("Temple Worship", paj 62.)

Si nou ale nan tanp epi sonje ke ansèyman yo senbolik nou pap janm ale nan fason kòrèk la san nou pa gen vizyon nou elaji, santiman nou yon ti jan pi egzalte, avèk konesans nou ogmante konsènan bagay ki esprityèl yo. Plan ansèyman an

sipèb. Li enspire. Senyè a li menm, Mèt Enstriktè a, nan pwòp ansèyman pa l li bay disip li yo te toujou ap anseye yo an parabòl, yon mwayen vèbal pou reprezante senbolikman bagay ki otreman t ap difisil pou yo konprann. Li te pale sou eksperyans toulejou nan lavi disip li yo, e li te pale de poul, zwazo, flè, pyebwa, vòlè, bandi, kouche solèy, rich ak pòv, fizisyen, pyès, rad, retire move zèb, nourri kochon, bat grenn, sere grenn nan depo, bati kay, chache èd, ak anpil douzèn lòt bagay. Li te pale sou grenn moutad, sou pèl. Li te vle anseye moun ki t ap koute l yo, konsa li te pale sou bagay senp yo nan yon sans senbolik. Youn nan bagay sa yo pa gen mistè ni yo pa kache, men yo tout senbolik.

Tanp lan li menm vin yon senbòl. Si nou konn wè youn nan tanp yo aswè, byen klere, n ap konnen ki enpresyon sa ye. Kay Senyè a, k ap benyen nan limyè, ki kanpe klere nan fènwa a, vin se senbòl pouvwa ak enspirasyon levanjil Jezikri a ki kanpe tankou yon fa (limyè) nan yon mond ki sonbre piplis nan fènwa espiritiyèl.

Ou pap konprann seremoni tanp lan annantye premye fwa a. W ap konprann sèlman yon pati. Retounen ankò epi ankò epi ankò. Retounen pou w aprann. Bagay ki twouble w yo oubyen bagay ki parèt pwoblèm pou ou yo oubyen bagay ki plen mistè pou ou yo w ap vin konprann yo. Anpil nan yo ap bagay pèsònèl, ki trankil ke ou reyèlman pa ka eksplike okenn lòt moun. Men ou menm w ap konnen yo.

Sa nou jwenn nan tanp lan depann anpil sou sa nou menen nan tanp lan nan fason imilite ak reverans ak yon dezi pou aprann. Si nou pare pou yo anseye nou n ap anseye pa Lespri a, nan tanp lan.

Lè nou gen opòtinite pou nou ale nan yon sesyon dotasyon nan tanp oubyen pou n asiste yon sèlman, medite sou siyifikasyon pwofon sa nou wè yo demontre devan nou yo. Epi nan jou apre yo sonje bagay sa yo epi panse sou yo ; trankilman epi nan lapriyè repase yo e w ap wè konesans ou ap ogmante.

Youn nan pi gwo valè eksperyans tanp sèke li prezante diferan panorama detaye bi Bondye konsènan tè sa a. Yon fwa nou fin ale nan tanp (epi nou ka retounen epi rafrechri memwa nou) evenman lavi vin byen tonbe nan plan konplè a. Nou ka wè nan pèspektiv kote nou ye a, epi vit vin wè lè nou ekate.



*Fon Batismo, Tamp Washington D.C.*

Konsa gade bò kote tanp. Gide timoun yo pou ale nan tanp. Depi yo piti, dirije atansyon yo sou tanp, epi kòmmanse preparasyon yo pou jou lè yo ka antre nan sen tanp lan.

Pandan tan sa a, prepare nou menm tou pou anseye, gen reverans. Medite anpil sou ansèyman yo—ansèyman senbolik, ki espiritiyèl anpil anpil yo—ki disponib nan tanp lan.

Sa pran tan pou planifye yon maryaj nan tanp. Sa mande planifikasyon avèk anpil swen. Souvan jèn moun k ap marye yo ki tonbe damou vin wè ke yo pral marye e yo ensiste, kont siplikasyon paran yo, ke yo vle marye imedyatman, nan sèlman yon semèn oubyen de. Kèkfwa, paske paran yo mande yo fè yon ti tann, yo pran sa kòm si se vle yo pa vle maryaj la. Yo pè pou si yo tann kèk bagay pa vin anpeche yo. Gen kèk jèn koup ki montre ke yo pa gen matirite ni yo pa janti lè y ap ensiste pou aranjman imedyat ki ka jwenn nan gwo difikilte epi souvan ki se rezilta yon eksperyans ki mwen memorab ke jan l ta ye nan lòt sikonstans.

Si bagay yo twò presan oubyen al twò vit, gen yon bagay k ap manke nan premye vizit nan tanp lan, oubyen nan jou maryaj nan tanp lan. Premye moman nan tanp oubyen sèlman yon jou maryaj se yon eksperyans ou fè yon fwa nan tout yon lavi. Li nesèsè pou w prepare pou li. Li si enpòtan ke nou pa dwe kite ti detay preparasyon, ti preparasyon yo, deranje li. Pou rezon sa a, chak bagay dwe fèt alavans. Sa ka pote gwo fristrasyon si yo kite yon bagay ki esansyèl san fèt jis lè jou a rive.

Si ou ale nan yon sesyon bonè epi chita nan chapèl la trankilman epi gade moun yo k ap rive, w ap wè ke yo pote yon bagay avèk yo. Santiman espiritiyèl yo ap ogmante e sal la chanje kòm si li transfòme soti nan yon sal vid ki vin yon kongregasyon, yon reyinyon frè ak sè ki vin avèk espwa yon eksperyans espiritiyèl.

Kounyeya, lè nou okipe, nou pa ka toujou fè sa lè nou ale nan yon sesyon. Kèlkeswa sa nou jwenn pa apwòch sa a nan yon rankont doubleman enpòtan lè nou ale nan tanp. Li espesyalman vre lè nou ale nan tanp premye fwa. Nou dwe ale byen bonè.

Jan nou wè, ale bonè sa a se pa sèlman pou pwoteksyon, pou fè si ke rekòmandasyon yo ak lòt bagay yo annòd e ke nou ka adapte nou a nouvo eksperyans sa a. Se plis pase sa. Se rive nan

bon kote a atan pou ka kalman gen vrè espri a—pou prepare tèt nou pou sa ki pral fèt yo.

Nou te pale nan tèm patisipe nan eksperyans tanp, men gen okazyon kote lè y ap planifye yon maryaj nan tanp e gen kèk manm trè pwòch fanmi an ki pa kalifye pou rekòmandasyon pou antre nan tanp. Sa kapab ke mari a oubyen madanm nan se yon konvèti e ke paran li ka poko nan legliz; oubyen, yo ka twò nouvo nan legliz pou yo deja gen yon rekòmandasyon pou tanp. Oubyen paran yo ka manm legliz la men youn nan yo pap viv tout prensip yo pou l resevwa yon rekòmandasyon pou tanp. Limit sa yo parèt yon gwo pwoblèm nan moman maryaj nan tanp. Se moman kote fanmi yo dwe rete youn trè pwòch ak lòt, kote yo dwe rapwoche yo ansanm pou patisipe moman sakre sa yo nan lavi a. Refize yon rekòmandasyon pou yon moun ki pa kalifye, oubyen pa ka envite yon zanmi oswa yon fanmi ki pa manm pou asiste sèlman an, ka vit prezante pwoblèm. Sa ka koze kè pa kontan ak chire pit nan yon moman kote gen yon gwo bezwen pou bagay yo gen serenite, pou gen pi gwo amoni.

Kisa pou n fè nan ka sa yo? Sa pou nou pa fè se mete presyon sou evèk la. Evèk la, pa prensip li oblije kenbe antanke jij an Izrayèl, pa ka onètman bay yon moun ki pa kalifye yon rekòmandasyon tanp. Fè sa pap sèvi moun ki angaje yo. E li pap bon pou evèk la limenm.

Lè y ap prepare yon maryaj nan tanp epi youn nan paran yo oubyen yon zanmi pwòch pa ka antre nan tanp lan, planifikasyon avèk swen ka rann sa yon okazyon olye se yon pwoblèm. Konsidere sigjesyon sa yo. Envite paran ki pa manm lan, oubyen manm lan ki pa kalifye pou yon rekòmandasyon tanp lan, pou l vin nan tanp avèk moun ki ap asiste maryaj yo. Gen yon espri ak enfliyans nan jaden tanp yo ke yo pap jwenn okenn lòt kote. Kèk nan tanp yo gen sant pou vizitè. Jaden tanp yo nan chak yo kenbe yo byen bèl. Jeneralman se yon kote lapè ak serenite.

Fè aranjman pou fè yon moun rete tann avèk manm fanmi sa a. Se si ou pa pral kite moun nan poukont li. Gen sikonstans kote manm fanmi ki kalifye pou asiste maryaj nan tanp lan prefere pase tan an nan jaden tanp yo avèk moun ki pa ka antre yo. Nan anviwonman tanp lan yo vin pi kapab eksplike dezi demoun yo pou yo sele nan Kay Senyè a.

La ka gen gwo enfliyans ki egzèse nan moman sa a ke yo ka pa janm jwenn otreman. Pa egzanp, nan kèk gwo tanp yo òganize vizit. Planifye davans ka bay atansyon espesyal ki fet pou yon bezwen espesifik yon pwòch fanmi ki pou yon rezon kèlkonk pa ka antre nan tanp lan. Desepsyon ak menm yon ti ran-kè, kèkfwa amètim, bò kot paran non manm yo oubyen paran ki pa kalifye yo ka adousi anpil nan fason sa yo.

Nan kèk tanp gen yon sal espesyal ki rezève kote paran ki pa kalifye pou antre nan tanp yo ka jwenn moun ki kalifye pou reponn kesyon yo genyen.

Moun k ap marye yo dwe konprann ke paran yo te ka ap tann jou maryaj sa a pandan tout lavi madanm nan oubyen mari a. Dezi yo pou ale nan maryaj la, ak desepsyon yo lè yo pa ka ale, se yon siy atachman parantal. Yo pa dwe fache pou-tèt sa. Yo dwe konprann sa epi planifye sa avèk swen kòm yon pati maryaj la.

Gen kèk ka natirèlman kote paran ki pa kalifye yo santi yo ofanse e pèsonn pa ka kalme yo. Nan ka sa yo moun k ap marye yo dwe adapte yo a sitiyasyon an pi byen yo kapab. Kesyon an ka leve. Nan ka sa a, èske yo pa ta dwe marye sivil pou moun yo ka asiste maryaj la, epi apre sa tann ennan yo mande a anvan yo antre nan tanp? Men se pap solisyon ideyal la. Planifikasyon nan lapriyè avèk swen nan pifò ka yo ka rann pwoblèm lan vin transfòme vin yon okazyon ki nan apre ap vin rann fanmi an youn pi pwòch lòt pase jan yo te ye.

Gwo gwoup zanmi, manm pawas, ak lòt pa bezwen envite pou asiste yon maryaj nan tanp. Gwoup k ap asiste maryaj la dwe piti, ladan sèlman manm de fanmi yo ak kèk zanmi ki trè pwòch marye yo. Pafwa yo ka anonse yon maryaj nan pawas la avèk envitasyon pou chak moun ka vini pou pote sipò yo ak ankourajman yo a moun k ap marye yo. Se pou sa yo fè yon resepsyon. Yon resepsyon maryaj se pou bay yon moman pou zanmi yo ak moun ki vle yo prezante marye yo konpliman. Maryaj nan tanp lan li menm dwe sakre e dwe pataje sèlman pa moun ki gen yon plas espesyal nan lavi moun k ap marye yo.

Nou pa pale sou pawòl òdonans sèlman yo deyò tanp lan, men nou ka dekri sal sèlman an pou ki jan l bèl fason li meble, li trankil epi li gen serenite nan lespri, epi li rann sen pa travay sakre k ap akonpli ladan li.

Anvan moun yo vin nan otèl la pou òdonans sèlman an, ofisyan an gen privilèj pou l bay kèk konsèy epi moun k ap marye yo gen privilèj pou yo resevwa konsèy sa yo. Men kèk nan pami sa yon jèn koup dwe tande nan okazyon sa a.

“Jodi a se jou maryaj nou. Nou anvayi pa emosyon. Tanp yo bati kòm yon kote ki sen pou òdonans tankou sa a. Nou pa nan mond lan. Bagay mond lan pa aplike isit la e yo pa gen okenn enfliyan sou sa k ap fèt la a. Nou soti nan mond lan pou antre nan tanp Senyè a. Sa vin jou ki pi enpòtan nan lavi nou.

“Nou te fèt, envite vin sou tè a pa paran ki prepare yon tabènak mòtèl pou espri nou vin abite. Nou chak te batize. Batèm, yon òdonans ki sakre, se senbòl pwòpte, senbòl lanmò ak rezirèksyon, senbòl avanse vin nan yon nouvo kalite lavi. Li mande repantans ak padon pou peche. Sentsèn nan se yon renouvèlman alyans batèm lan, e nou kapab, si nou viv pou sa, jwenn padon pou peche nou yo.

Ou menm, jèn jan, yo te òdone w a prèt la. Premyeman yo te konfere sou ou Prèt la Aawon an epi se si ou te pwogrese nan tout ofis yo kise—dyak, enstriktè, epi prèt. Apre sa jou an te rive kote yo te twouve ou diy pou w te resevwa Prèt Mèlkisedèk la. Prèt sa a, ki se prèt ki pi wo a, defini kòm prèt ki vin apre lòd ki pi sen Bondye a, oubyen Sen Prèt apre Lòd Pitit Gason Bondye a. (Gade Alma 13:18 epi Elaman 8:18.) Yo te ba ou yon ofis nan prèt sa a. Kounyeya ou se yon ansyen.

Nou chak resevwa dotasyon nou. Nan dotasyon sa a yo envesti nou avèk potansyèl ki etènèl. Men tout bagay sa yo, nan yon sans, sete preliminè ak preparasyon pou vini nou nan otèl la pou sele antanke mari ak madanm pou tan an epi pou tout letènite. Kounyeya nou vin yon famiy, lib pou aji nan kreyasyon lavi, pou gen opòtinite pou n bay lavi, pou gen opòtinite pa devosyon ak sakrifis pou mennen timoun nan mond lan epi elve yo epi asiste yo an sekirite nan egzistans mòtèl yo ; pou wè yo, menm jan avèk nou yon jou, vin patisipe nan òdonans tanp sakre sa yo.

Nou vin pa pwòp volonte nou e yo te jije nou diy. Inyon sa a ka sele pa Sentespri Pwomès la. »

Se poutèt sa, mwen voye kounyeya pou nou yon lòt Konsolatè, wi, sou nou menm, zanmi m yo, pou li ka rete





*Sal Kreyasyon, Tarp Salt Lake*

nan kè nou; wi, Sentespri Pwomès la; ki se lòt Konsolatè sa menm mwen te pwomèt disip mwen yo, jan sa ekri nan te-  
mwayaj Jan an.

Konsolatè sa a se pwomès mwen fè nou pou lavi etènèl, ki vle di, laglwa wayòm selès la. (D&A 88: 3-4)

Pou nou youn aksepte lòt nan alyans maryaj la se yon gwo responsablite, yon responsablite ki pote benediksyon ki san limit.

Yon Jènfi ak yon Jèjan ap sitèlman gen emosyon nan maryaj la ke yo ka pa koute avèk tout zòrèy yo—yo ka reyèlman pa tandè pawòl òdonans sèlman yo. Menmsi nou pa repete pawòl sa yo deyò tanp lan, nou ka retounen vin asiste yon maryaj. Se yon Senyè plen jenewozite ki otorize nou fè sa. Nan okazyon sa yo, lè nou pa pèsònèlman enplike, nou ka koute pawòl òdonans lan avèk atansyon. Konsa tou, natirèlman, lè nou retounen souvan pou nou travay pou moun ki deja mouri yo, nou ka rafrechì lespri nou sou eksperyans dotasyon an.

Si nou te deja marye nan yon seremoni sivil, nou ka anvi kou-nyeya pou nou vin sele pou letènite, e, si nou gen timoun, sele avèk yo nan yon relasyon famiyal etènèl. Si nou kalifye pou sa se ka gwo privilèj pa nou pou n resevwa benediksyon sa yo.

## *ABIYE AN BLAN*

Lè n ap fè travay òdonans tanp nou mete rad blan. Rad blan sa a se senbòl pite ak diyite ak pwòpte.

Lè nou antre nan tanp lan nou chanje rad ki te sou nou yo pou nou mete rad blan tanp lan. Chanjman sa a fèt nan sal ki prepare pou sa, kote yo bay chak moun yon kle ak yon espas pou abiye ki konplètman prive. Nan tanp lan se modèsti idèyal ki respekte konplètman. Pandan w ap mete rad ou nan kaye a ou kite sousi ak pwoblèm ak distraksyon yo la tou avèk yo. Ou soti nan ti espas prive pou abiye sa a abiye anblan e ou santi yon lot moun ak yon santiman egalite, paske tout moun bò kote w abiye menm jan an.

Si ou pral nan tanp premye fwa, pale avèk evèk ou. Lè l ap ba ou rekòmandasyon an l ap eksplike ou nati rad yo mande pou w mete nan tanp lan. Ou dwe gen sousi pou w jwenn rad sa a. Ou ka menm achte li nan Sant Distribisyon Legliz la, ou-

byen, nan kèk ka, lwe li nan tanp lan. Nan kèk kote yo mande yon ti kal kòb pou peye, sèlman pri pou lave rad la. Nan mini tanp yo yo pa lwe rad.

Menmjan pou seremoni ak òdonans tanp yo, deyò tanp lan nou pa aprann anpil sou rad yo mete andedan an. Nou kapab di, menmjan ak seremoni yo, li gen gwo siyifikasyon senbolik.

Se yon siy reverans ak respè lè manm legliz vizite tanp lan abiye nan fason ke li ka santi li konfòtab nan prezans Senyè a. Sipoze yon moman yo envite ou lakay yon gwo dirijan byen wo plase. Yo avèti ou ke w ap rankontre envite distenge ki resevwa menm envitasyon an tou. Envitasyon an se yon endikasyon ke moun k ap resevwa a panse byen de ou. Ou reyalize ke anpil lòt moun ta espere yon envitasyon konsa, men pou yon rezon oubyen yon lòt yo pa envite e konsa yo pa ka vin asiste. Nan sikonstans sa yo se pa si w ap vini abiye ak vye rad oubyen abiye nenpòt kijan. Se pa si ke yon gason ap vin san fè bab li, ni yon fi san l pa penyen.

Moun ki gen diyite ak rafinman, lè yo resevwa yon envitasyon pou yon reyinyon ki enpòtan, yo toujou mande ki fason abiye k ap apwopriye a reyinyon an. Eske ou pa t ap prepare w avèk swen pou yon okazyon espesyal konsa? Ou ta ka menm achte rad nèf nan espwa ke ou pap deparye nan kalite bagay sa a.


Konsa tou w ap pran swen pase ak pwòpte rad ou. Ou pap santi ou konfòtab si ou pa abiye byen.

Opòtinite pou antre nan tanp dwe konpare ak yon envitasyon konsa.

Gen yon sèl okazyon lè manm legliz yo envite nan tanp yo rete avèk rad yo, e se lè y ap asiste yon maryaj nan tanp. Nan ka sa a se soulye yo sèlman yo retire, e yo ranplase yo pa pot-pye blan. Sa gen kèk ane Frè yo te otorize sa poutèt manm fanmi ak zanmi ki pap pase pa yon sesyon dotasyon imedyatman anvan maryaj la.

Jènfi ak Jènan antre nan tanp yo pou yo marye pou letan ak pou tout letènite. Fi yo mete rad blan ki kouvri jenou yo, ki senp, ki pa gen pil dekorasyon. Gason yo abiye yo an blan. Frè ki ap asiste maryaj yo pa dwe mete kostim.

Pafwa, nou konn gen pwoblèm epi menm yon ti jan tris lè nou ale nan tanp, pou nou wè kèk moun ki vin asiste maryaj



*Sèn ki soti nan Sal Jaden an, Tanp Los Angeles nan peyi Kalifoni*

oubyen ki vin nan yon sesyon tanp abiye kòm si yo ta pral nan yon piknik oubyen yon evenman espòtif.

Privilèj antrè nan tanp merite plis de nou menm pase sa. Sa fè Senyè a plezi lè nou byen benyen epi mete rad pwòp sou nou, kèlkeswa bon mache rad sa ta ye. Nou dwe abiye nan yon fason pou nou santi nou ka asiste yon reyinyon Sentsèn oubyen yon reyinyon ki diy epi kòrèk.

Nan okazyon sa yo yon moun vin asiste yon maryaj san li pa pote atansyon a konsèy frè yo te bay sou fason abiye, sou pran swen pou pa suiv egzanp mond lan nan mòd ki pa konfòm li yo, nan fason penyen tèt, elatriye. N ap mande nou poukisa yon moun ki gen ase matirite pou yo admèt li nan tanp pa tou sensib ase pou l konnen ke Senyè a pa ka pran plezi nan moun ki montre preferans yo pou yo suiv fason mond lan.

Kijan yon manm ki rekòmande pou l ale nan tanp ka fè ale nan tanp nan rad ki pa bon oubyen ki monden? Kijan yon moun ka fè penyen tèt li nan yon stil ki pa montre rafinman ni diyite?

Lè nou gen opòtinite pou n ale nan tanp pou patisipe nan seremoni tanp yo oubyen pou asiste yon sèlman, sonje ki kote nou ye. Nou se yon envite nan Kay Senyè a. Nou dwe prezante nou epi abiye nou nan fason ke nou ka santi nou alèz si Moun ki envite nou an ta parèt.

Moun ki detni epi ki pataje benediksyon prèttriz yo dwe kouvri kò yo jan yo te revele Pwofèt Joseph Smith sa lè l t ap ba l seremoni dotasyon an.

Manm ki deja resevwa òdonans tanp yo mete gaman oubyen souvètman espesyal. Gaman yo founi pa yon òganizasyon nan legliz la—e yo jeneralman disponib pou manm yo toupatou nan mond lan nan pwogram distribisyon legliz la dirije yo.

Gaman an reprezante alyans sakre yo. Li ankouraje modèsti e li vin yon boukliye ak yon pwoteksyon pou moun ki mete li.

Mete yon gaman pa anpeche manm yo abiye nan fason tout moun nan tout peyi nan mond lan abiye. Se sèlman rad ki imoral oubyen ki pa apwopriye nan stil ki pa mache avèk mete gaman. Kèlkeswa manm legliz la, ke li t al nan tanp ou pa, ta dwe evite mòd ekstrèm ak devègonde mond lan.

Ka gen okazyon kote manm ki dote yo ap fè fas a kesyon konsènan gaman.

Yon fwa youn nan frè yo te envite pou l pale nan fakilte avèk ekip Lekòl Antrenman Chaplen Navy yo nan Newport, nan Rhode Island. Foul la te gen ladan plizyè omonye naval wo grade katolik, pwotestan, ak juif.

Nan tan kesyon repons lan youn nan omonye yo te mande, "Eske ou ka pale nou sou souvètman espesyal kèk moun nan servis Mòmmon mete?" Enplikasyon kesyon sa a sete: "Poukisa nou fè sa? Eske sa pa etranj? Eske sa pa prezante yon pwoblèm?"

A omonye ki te poze kesyon an li te reponn pa yon kesyon: "Ki legliz ou reprezante?" Li te site youn nan legliz pwotestan yo.

Li te di: "Nan lavi sivil epi tou lè w ap dirije reyinyon nan sèvis militè ou abiye avèk rad ki montre sa w ye pa vre?" Omonye an te reponn se vre.

Li te kontinye: "Mwen sipoze ke sa gen yon enpòtans pou ou, ki se yon fason pou mete w apa de rès kongregasyon an. Nan yon sans se inifòm ou ministè a. Konsa, mwen sipoze li gen yon plas ki pi enpòtan. Li fè w sonje kimoun ou ye ak ki obligasyon ak alyans ou genyen. Li se yon rapèl tout tan ke ou se yon manm klèje a, ke ou konsidere tèt ou antanke sèvitè Senyè a, e ke ou responsab pou viv yon fason pou ou diy de òdinasyon ou."

Aprè sa li di yo: "Nou ka konprann omwen youn nan rezon ki fè Sen Dènnye Jou yo gen yon angajman espirituel ki pwofon konsènan gaman an. Yon gwo diferans ant legliz pa nou an avèk pa m lan sèke nou pa gen yon klèje pwofesyonèl, jan ou genyen l. Tout kongregasyon yo prezide pa dirijan lokal. Yo se gason ki aple nan tout kalite okipasyon nan lavi a. Men yo òdone a prèttriz la. Yo detni ofis nan prèttriz la. Yo mete apa pou yo prezide nan pozisyon tankou prezidan, konseye, ak dirijan nan anpil kategori varye. Fi yo tou, pataje responsablite sa a ak obligasyon sa yo. Gason ki nan tèt kongregasyon nou yo jou Dimanch antanke evèk gen dwa al travay nan Lendi kòm grefyè lapòs, kòm moun k ap travay nan biwo, yon fèmme, yon doktè ; oubyen li ka yon pilòt oswa yon ofisye naval. Pa prensip nou yo li osi yon minis òdone menmjan avèk prensip pa w yo. Li rekonèt konsa pa pifò gouvènman yo. Nou tire yon bagay ki benefik menmjan nan rad espesyal nou pote nan rad kleje ou yo. Diferans lan sèke nou mete l anba rad nou olye li anlè, paske nou enplwaye nan anpil okipasyon varye anplis

sèvis nou nan legliz la. Bagay sakre sa yo nou pa anvi egzibe yo devan mond lan.”

Aprè sa li te eksplike ke gen kèk siyifikasyon espiritiyèl ki pwofon tou ki tache a mete gaman sa a ki anrapò ak alyans ki fèt nan tanp. Li pa nesèsè pou nou pale sou bagay sa yo—non pa paske yo sekrè, li te di, men paske yo sakre.

Gaman an, ki kouvri kò a, se yon rapèl fizik yo ka wè de alyans sa yo. Pou anpil manm legliz la gaman an se yon baryè pwoteksyon lè moun ki pote l la fè fas a tantasyon. Nan mitan tout lòt bagay yo li senbolize pwofon respè nou pou Iwa Bondye yo—pami yo prensip moralite a.

## *POUVWA POU SELE A*

Si nou ta vle konprann ni istwa ni doktrin travay tanp lan nou dwe konprann kisa pouvwa sèlman an ye. Nou dwe gen vizyon, omwen nan yon degre, sou poukisa kle otorite pou anplwaye pouvwa sèlman an esansyèl.

Prèske nèf sanzan anvan Kris, pwofèt Eli te parèt nan lakou wa Izrayèl la. Li te pote avèk li yon otorite ki sakre: pouvwa pou sele a.

Eli te travay ministè li, li te òdone epi wen Elize pou ranplase li, epi apre—e sa a enpòtan—li pa t mouri. Tankou Moyiz anvan li, li te transfòme.

Aprè sa, non li parèt yon fwa nan Ansyen Testaman an, nan prèske dènye vèsè dènye chapit Ansyen Testaman an. Se la ke Malachi pwofetize ke Eli ap retounen epi l ap “tounen kè papa yo vin jwenn pitit yo, epi kè pitit yo vin jwenn papa yo,” Tout latè a annantye ap vin frape ak malediksyon (gade Malachi 4:5–6.)

Lè Jezi te vin nan bò lanmè Sezare Filip la, li te mande disip li yo: “Pitit kimoun lèzòm di mwen ye?”

Epi apre li te di, gen moun ki di mwen ou se Jan Batis: gen kèk ki di Eli; gen lòt ki di, Jeremi oswa youn nan pwofèt yo.

Li te mande yo, Men nou menm kimoun nou di mwen ye?

Epi Simon Pyè te reponn epi li te di, Ou se Kris la, Pitit Gason Bondye Vivan an.

E Jezi te reponn epi li te di, Ou beni, Simon Bar-jona; paske se pa lachè ak san ki revele w sa, men se Papa mwen ki nan syèl la.

E m ap di w tou, ke ou se Pyè, epi sou wòch sa a m ap bati legliz mwen an; e pòt lanfè yo pap ka fè l anyen.

E m ap ba ou kle wayòm syèl la yo; e tout sa ou lye sou tè a ap lye nan syèl la: e tout sa ou delye sou tè a ap delye nan syèl la.” (Matye 16:13–19.)

Lè Pyè, Jak ak Jan te ale avèk Senyè a sou Mòn Transfigirasyon an, lè sa a te parèt de pèsònaj avèk Senyè Transfigire a. Yo te rekonèt yo kòm Moyiz ak Eli, ki te vin pou remèt prezidans sa a pouvwa sèlman an. (gade Matye 17:1–8; note ke Elias se tradiksyon Grèk non Ebre Elijah a e li souvan itilize nan Nouvo Testaman an pou deziye Eli, pwofèt Ansyen Testaman an.)

Pyè te gen kle yo. Yo te di Pyè li te gen pouvwa pou sele, ke otorite sa a mache avèk pouvwa pou lye oubyen sele sou tè a oubyen delye sou tè a e sa ap fèt konsa nan syèl la.

Nan A.D. 34, apre krisifiksyon li, Senyè a te ministre Nefit yo. Li te dikte yo—e sa remakab nan istwa ekriti yo—dènye chapit Malachi a (ki gen pwofesi ke Eli ap retounen), li te di yo ekri sa, epi apre fè konnen yo.

Lè zanj Mowoni te parèt a pwofèt Joseph Smith pou pale l de plak yo, li te site pwofesi Malachi a ke Eli ap retounen. Sitasyon sa a se kounyeya seksyon de nan Doktryn ak Alyans yo.

Trèzan apre Mowoni te parèt, yo te bati yon tanp pou bi sa a, e Senyè a te parèt ankò epi Eli te vini avèk li epi te remèt kle pouvwa sèlman an.

Kle sa yo revni a Prezidan Legliz la—pwofèt, vwayan, epi revelatè a. Pouvwa sakre sèlman sa a nan legliz la jodi a. Pa gen anyen ki pi sakre pou moun ki konnen siyifikasyon otorite sa a. Pa gen anyen yo kenbe pi byen. Gen sèlman kèk gason ki detni pouvwa sèlman sa a sou tè a nan nenpòt moman yo bay—nan chak tanp gen frè yo bay pouvwa sèlman an. Pa gen okenn moun ki ka genyen l si se pa nan men pwofèt la, vwayan ak revelatè epi Prezidan Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo oswa nan men moun li delege pou bay lòt moun li.





*Sal Terès, Tarragona Salt Lake*

## “NOU TE WÈ SENYÈ A. . . .”

Jou Eli te retounen an sete yon Dimanch apre midi, 3 Avril 1836. Yo t ap fè yon Reyinyon Sentsèn nan Tanp Kirtland lan. Pwofèt la te dekri apremidi sa a nan mo senp sa yo:

Nan apremidi, mwen t ap ede lòt Prezidan yo nan distri-bisyon Dènye Soupe a nan legliz la, kote nou te resevwa li nan men Douz yo, ki te gen privilèj pou ofisye nan tab sa-kre a jou sa a. Apre mwen te fin fè sèvis sa a pou frè m yo, mwen te tounen ale nan pipit la, vwal la te tonbe, epi bese devan mwenmenm, avèk Oliver Cowdery, nan lapriyè so-lanèl an silans. Lè nou te leve apre nou te fin priye, vizyon mwen pral rakonte la a te parèt a nou toude. (D&A 110, entwodiksyon)

“Vwal la te leve nan lespri nou, epi je konpreyansyon nou te louvri.

Nou te wè Senyè a ki te kanpe sou balistrad pipit la de-van nou an. Anba pye li te gen yon pave lòt pi, ki te gen yon koulè ki te sanble anb (oranj).

Je li te tankou yon flanm dife; cheve li te blan tankou la-nèj san tach, figi li te pi briye pase ekla solèy la epi vwa li te tankou bri devèsman gwo dlo, wi, vwa Jewova, ki t ap di:

Mwen se premye a ak dènye a; mwen se moun ki vivan an, mwen se moun ki te sakrifye a; mwen se avoka nou bò kot papa a.

Men, peche nou yo padone; nou pi devan mwen; leve tèt nou non epi rejwi nou.

Ke kè frè nou yo rejwi yo epi ke kè tout pèp mwen an rejwi, pèp mwen an ki bati kay sa a nan non mwen ak tout fòs li.

Paske, mwen aksepte kay sa a, e non mwen ap ladan l; e m ap manifeste m avèk mizerikòd a pèp mwen an nan kay sa a.

Wi, m ap parèt a sèvitè m yo e m ap pale avèk yo pa pwòp vwa pa mwen, si pèp mwen an respekte kòmandman yo epi pa sali kay sen sa a.

Wi, kè anpil milye ak dizèn milye ap nan yon gwo lajwa akoz benediksyon ki ap devèse ak dotasyon sèvitè m yo te resevwa nan kay sa a.

E, renome kay sa a ap repann nan tout peyi etranje, e se la k ap kòmansman benediksyon k ap devèse sou tèt pèp mwen an. Mwen di, Amèn”.

Lè vizyon sa a te fini, syèl yo te louvri ankò a nou menm. Moyiz te parèt devan nou epi li te remèt nou kle pou rasanble Izrayèl soti nan kat kwen tè a epi pou mennen dis tribi peyi nan nò yo tounen.

Aprè sa, Elias te parèt e li te remèt dispansasyon levanjil Abraam lan, kote li te di ke nan nou menm ak pitit pitit nou tout jenerasyon apre yo ap beni.

Lè vizyon sa a te fini, yon lòt vizyon, ki pi gran epi pi gloriye, te jayi devan nou: Eli, pwofèt ki te anlve nan syèl san l pa t pase pa lanmò a te parèt devan nou epi li te di:

“Men, moman an rive vrèman, moman Malachi te pale a lè l te temwaye ke y ap voye Eli anvan jou Senyè a ap retounen an, jou gran epi redoutab sa a.

Pou l ka tounen kè papa yo jwenn pitit yo, epi pitit yo jwenn papa yo, pou latè annantye pa frape ak malediksyon.

Se poutèt sa kle dispansasyon sa a remèt nan men nou; e konsa, na va konnen ke jou Senyè a prèske rive, jou gran epi redoutab sa a pwòch, e li menm alapòt”. (D&A 110:1–16.)

Sa te rive ! Evenman remakab sa a pa t remake pa mond lan, men li ta pral gen enfliyans sou destine chak nanm ki te janm viv epi k ap viv sou tè a. Bagay yo te kòmans rive byen tran-kil. Legliz la te vin yon legliz k ap bati tanp.

Nan mond lan detanzantan, genyen soti nan yon fason ki te konsidere spontane, moun ak òganizasyon ak sosyete te entere nan rechèch jeneyaloji. Yo tout rive depi ke Eli te parèt nan Tanp Kirtland lan.

Soti nan jou sa a, 3 Avril 1836, kè timoun yo te kòmans tounen jwenn papa yo. Apresa òdonans yo pa t pou yon tan men yo pèmanan. Pouvwa sèlman an te avèk nou. Pa gen lòt pouvwa oubyen otorite ki pi gran pase pouvwa sèlman an. Pouvwa sa a bay sans ak pèmanans etènèl a tout òdonans ki akonpli pa bon otorite a ni pou moun ki vivan ni pou moun mouri.



*Sal Selès, Tanp Columbia River Washington Temple, nan peyi Uta*

## TOUT BAGAY FÈT NAN LÒD

Aprè evenman sansasyonèl sa yo nan Tanp Kirtland lan, difikilte ak pèsikasyon te oblije Sen yo deplase. Kèlkeswa kote yo tabli, Senyè a revele plan pou bati tanp. Sete vre ni nan Independence ak nan Far West, nan Missouri. Nan epòk sa a pèsikasyon te tonbe sou Sen yo avèk raj e konsa yo te kouri ale nan Novou, nan peyi Ilinwa. La a revelasyon an te vini ankò avèk kòmandman pou yo bati yon Kay pou Senyè a.

Senyè a te eksplike ke bi bati kay li a se pou revele òdonans yo. “Epi an verite, m ap di nou, ke kay sa a bati nan non mwen, pou m ka revele òdonans mwen yo a pèp mwen an; paske m ap revele legliz mwen an bagay ki te kache depi anvan fondasyon mond lan, bagay ki gen rapò a dispansasyon plenitid tan yo.” (D&A 124:40-41.)

Li te di ke tanp lan dwe yon kote pou yo fè “onksyon, ak lavman, ak batèm pou mò yo, epi asanble solanèl yo, epi journal sakrifis yo pa pitit gason Levi yo, epi pou orak yo nan kote ki pi sen pou yo, kote y ap resevwa kominikasyon, lwa ak òdonans yo, pou kòmansman revelasyon ak fondasyon Siyon, epi pou laglwa, lonè ak dotasyon tout sitwayen, tabli pa òdonans kay sen mwen an ke yo toujou kòmande a pèp mwen an pou l bati nan non mwen.”

Pami òdonans nou akonpli nan legliz la gen: batèm, Sentsèn, nonmen epi beni timoun, administrè moun ki malad, mizapa pou apèl nan legliz la, òdinasyon nan ofis prèttriz yo. Anplis gen òdonans ki pi wo, ki fèt nan tanp. Yo gen ladan yo, lavman, onksyon, dotasyon, ak òdonans sèlman, ke yo jeneralman rele maryaj tanp.

Konbyen enpòtan òdonans sa yo ye pou nou antanke manm legliz la?

Eske nou ka gen kè kontan, èske nou ka rachte, èske nou ka egzalte san yo? Repons: Yo plis pase dezirab ni yon avi, ni menm plis pase nesèsè. Plis menm pase esansyèl ni vital. Yo kapital pou nou chak.

Pwofèt Joseph Smith te di yo te toujou ap poze l kesyon sa a:

“Eske nou pa ka sove san nou pa resevwa tout òdonans sa yo, elatriye.? Mwen ta reponn, Non, pa plenitid sali a. Jezi te

di, "Gen anpil kote nan kay Papa m nan, mwen prale m ap prepare yon plas pou nou." Kay yo pale la a ta dwe tradui pa wayom, e okenn moun pap ka egzalte rive nan pi gwo wayom lan si l pa obeyi epi viv yon lwa selès, ak lwa a annantye tou. (*History of The Church of Jesus Christ of Latter-day Saints*, ed. B. H. Roberts, 7 vol. [Salt Lake City: The Church of Jesus Christ of Latter-day Saints, 1949], 6:184.)

Prezidan Joseph Fielding Smith te di:

Mwen pa sousye de ki ofis ou detni nan legliz sa a, ou ka yon apot, ou ka yon patriyach, yon gran prèt, oubyen nenpòt kimoun, men ou pa ka resevwa plenitid prèttriz la si ou pa ale nan tanp Senyè a epi resevwa òdonans pwofèt la pale yo. Pèsonn pa ka gen plenitid prèttriz la si l pa ale nan tanp Senyè a. (Joseph Fielding Smith, *Elijah the Prophet and His Mission* [Salt Lake City: Deseret Book Co., 1957], paj 46.)

Nou te pale anvan de òdonans ki pi wo ki fèt nan tanp. Yo gen ladan yo dotasyon an. Dote se anrichi, bay yon moun yon bagay ki etènèl epi ki diy anpil. Odonans dotasyon nan tanp lan anrichi nan twa fason: (a) "Yo bay moun k ap resevwa òdonans la pouvwa ki soti nan Bondye." Yo dote avèk pouvwa ki soti anwo." (b) Yon moun dote tou avèk fòmasyon ak koneksans. "Li resevwa yon fòmasyon konsènan bi ak plan Senyè a." (Bruce R. McConkie, *Mormon Doctrine*, 2zyèm edisyon [Salt Lake City: Bookcraft, 1966], paj 227 (c) Lè yon moun sele nan otèl tanp lan li resevwa benediksyon, pouvwa, ak onè ki gloriye kòm pati dotasyon li.

Gen de definisyon oubyen deskripsyon dotasyon, premye a pa Prezidan Brigham Young:

Kite m banou yon definisyon anbrèf. Dotasyon ou se resevwa tout òdonans sa yo nan Kay Senyè a, ki nesesè pou ou, apre ou kite lavi sa a, pou pèmèt ou tounen nan prezans Papa a, an pasan devan zanj yo ki kanpe kòm santinèl, kote w ap kapab ba yo tout mo kle, siy ak senbol, ki nan Prèttriz Sen an, epi antre nan egzaltasyon ou malgrelatè ak lanfè (*Discourses of Brigham Young*, comp. John A. Widtsoe [Salt Lake City: Deseret Book, Co., paj 416.]

Eldè James E. Talmage te dekri dotasyon an konsa:

“Dotasyon nan Tanp, jan yo fè l nan tanp modèn yo, gen enstriksyon konsènan sans ak lòd dispansasyon pase yo, ak enpòtans prezan an kòm pi gwo ak pi gran istwa imen an. Kou enstriksyon sa a gen ladan yon resi evenman ki pi fra-pan nan peryòd kreyatif la, kondisyon premye paran nou yo nan Jaden Edèn nan, dezobeyisans yo ak mete deyò yo soti nan Jaden an, kondisyon solitud yo nan mond sonb epi dezole a kote yo te kondane pou yo viv pa travay ak syè fwon yo, plan redanmsyon an pou gwo transgresyon an ka ekspye, epòk gwo apostazi a, retablisman Levanjil avèk tout ansyen pouvwa ak privilèj li yo, kondisyon san fay epi en-dispansab pite pèsònèl ak devosyon pou jistis nan lavi kou-nyeya, ak yon akò strik avèk kondisyon levanjil yo.” (James E. Talmage, *The House of the Lord* [Salt Lake City: Bookraft, 1962], paj 99-100; ki site kòm *The House of the Lord*.)

Deklarasyon sa a ke Èldè Talmage fè a pèmèt nou wè ke lè nou resevwa dotasyon nou n ap resevwa enstriksyon konsè-nan bi ak plan Senyè a nan kreyasyon ak peple latè a. Y ap an-seye nou sa nou dwe fè pou nou ka jwenn egzaltasyon.

Benediksyon dotasyon an egzijib pou egzaltasyon total. Chak Sen Dènye Jou dwe chèche rann li diy pou benediksyon sa a epi chèche jwenn li.

Yo souvan fè referans a òdonans lavman ak onksyon nan tanp kòm òdonans preliminè. L ap ase pou bi pa nou pou nou di sèlman ke: lavman ak onksyon asosye avèk dotasyon an—pi senbolik nan nati, men pwomèt benediksyon defini imedyat menmjan ak benediksyon nan lavni.

Nan koneksyon avèk òdonans sa yo, nan tanp lan n ap me-te ofisyèlman gaman an ak benediksyon mèveye yo pwomèt ki anrapò avèk li yo. Li enpòtan pou nou koute avèk swen lè n ap fè òdonans sa yo epi pou nou eseye sonje ki benediksyon ki pwomèt pou yo ak kondisyon pou yo reyalize.

Odonans sèlman an se òdonans sa a ki lye fanmi yo etènèl-man. Maryaj tanp se yon òdonans sèlman. Lè yon koup sele nan tanp apre yon maryaj sivil timoun yo fè yo anvan lè sa a e ki pa fèt nan alyans la sele avèk yo nan yon òdonans ki brèf epi sakre.

Silvoupèlè gen asirans ke lavi nou nan yon lòd konplè.

## ALYANS SAKRE

Senyè a nan revelasyon nou konnen kounye a sou non D&A 132 te anonse:

“Men, mwen pral revele ba ou yon nouvèl alyans etènèl; e si ou pa respekte alyans sa a, w ap modi; paske okenn moun pa ka rejte alyans sa a epi resevwa pèmision pou antre nan laglwa mwen.

Paske tout moun ki vle jwenn yon benediksyon nan men mwen dwe respekte lwa ki te bay pou jwenn benediksyon sa a, ak kondisyon l yo, ki te tabli depi anvan mond lan te fèt.” (D&A 132:4–5.)

Prezidan Joseph Fielding Smith defini nouvèl alyans etènèl la nan mo sa yo:

“Kisa ki nouvèl alyans etènèl la? Mwen regrèt pou m di ke gen kèk manm legliz ki pa konprann epi ki mal enfòmè sou sa nouvèl alyans etènèl la reyèlman ye. Nouvèl alyans etènèl la se rezilta total tout alyans ak obligasyon levanjil yo.” (Joseph Fielding Smith, *Doctrine du Salut*, 3 vol. [Salt Lake City: Bookcraft, 1954–56], 1:156.)

Alyans sa a gen tout òdonans levanjil la—bagay ki pi wo yo fè nan tanp. Pou site Prezidan Smith ankò:

“Kounyeya gen yon definisyon klè nan detay nouvèl alyans etènèl la. Se tout bagay—plenitid levanjil la. Konsa yo fè maryaj, batèm, òdinasyon nan prèttriz la, tout lòt bagay—chak kontra, chak obligasyon, chak pèfòmans ki te fèt nan levanjil Jezikri a, ki sele pa Sentespri pwomès la selon lwa li jan l bay li, se yon pati nan nouvèl alyans etènèl la”. (Doctrines du Salut, 1:158.)

Nan vèsè ki te site anvan yo (D&A 132:4) Senyè a te pale avèk senplisite byen klè: “. . . paske pa gen yon moun ki ka rejte alyans sa a epi pou l konprann l ap ka antre nan glwa mwen.”

Moun ki ale nan tanp gen privilèj pran sou yo alyans espesifik ak obligasyon konsènan egzaltasyon yo ak lòt bagay. Eldè James E. Talmage te ekri:





*Sal Selès, Tanp Salt Lake*

“Odonans dotasyon gen ladan obligasyon sèten bò kote moun nan, tankou alyans ak pwomès pou obsève lwa vèti ki strik ak chastete, pou charitab, byenveyan, toleran, epi pi; pou devwe talan yo ak byen materyèl pou etann verite a epi elve limanite, pou rete devwe nan koz verite a; epi chèche tout mwayen pou kontribye a gwo preparasyon pou rann tè a pare pou resevwa Wa li—Senyè a Jezikri. Pou chak alyans ki fèt ak chak obligasyon ki pran gen yon benediksyon ki pwononse, selon obsèvan fidèl kondisyon yo.” (*The House of the Lord*, paj 100.)

Nou fè alyans avèk Senyè a pou nou bay tan nou, talan nou, ak mwayen nou pou wayòm Li a.

Nou se yon pèp alyans. Nou fè alyans pou nou bay tout sa nou genyen an tan ak lajan ak talan—tout sa nou genyen ak tout sa nou posede—pou wayòm Bondye a sou tè a. Nan tè senp, nou fè alyans pou nou fè sa ki byen. Nou se yon pèp alyans, e tanp lan se sant alyans nou yo. Li se sous alyans.

Ale nan tanp. Nou dwe ale nan tanp. Nan kote sa a, n ap ajì nan plas moun ki deja mouri yo, n ap ka repase alyans nou te fè yo. N ap vin gen ranfòse nan lespri nou gwo benediksyon espirityèl ki asosye avèk kay senyè a.

Rete fidèl a alyans ak òdonans levanjil yo. Kalifye pou òdonans sakre sa yo etap pa etap pandan n ap avanse nan lavi. Onore alyans ki konekte avèk yo. Fè sa epi na va gen kè kontan.

Lavi nou ap annòd lè sa a—tout bagay ap ranje nan pwòp lòd yo, nan pwòp ran yo, nan pwòp sans yo. Fanmi nou ap konekte nan yon fason ki pap janm ka kraze.

Benediksyon sa nou fè nan sen tanp yo konsantre sou alyans ak òdonans ki fèt nan kote sa a. Se si Senyè a kontan lè nou diy pou yo rele nou: yon moun ki respekte alyans.

## PA SAN OPOZISYON

Tanp yo se vrè santral fòs espirityèl legliz la. Nou dwe atann ke advèsè a ap eseye mete l nan mitan nou antanke yon legliz epi kote nou endividyèlman pandan n ap chèche patisipe nan travay sakre epi enspire sa a. Mete l nan mitan nou ka varye soti nan pèsekisyon ki terib premye jou yo rive nan yon mank

enterè pou travay la. Dènye a se petèt pi danjere fòm rezistans a travay tanp.

Travay tanp pote sitèlman rezistans paske li se sous sitèlman pouvwa espiritiyèl pou Sen Dènye Jou yo, epi pou tout legliz la.

Nan dedikas Poz Pyè Tanp Logan an, Prezidan George Q. Cannon te fè deklarasyon sa a:

“Chak pyè fondasyon ki tabli pou yon tanp, epi chak tanp ki fini selon lòd Senyè a revele pou Prètriz Sen li a, diminye pouvwa Satan sou tè a, epi ogmante pouvwa Bondye ak Divinite a, souke syèl yo nan pouvwa pisan pou nou, envoke epi rele sou nou benediksyon Bondye Etènèl yo, ak moun ki rete nan prezans yo”. (Nan “Tanp Logan an”, *Millenial Star*, 12 Nov 1877, paj 743.)

Lè manm legliz yo twouble oubyen gen pou pran desizyon ki lou pou lespri yo, se bagay ki pi bon pou yo fè se ale nan tanp. Se yon bon kote pou nou ale pou pwoblèm nou yo. Nan tanp lan nou ka resevwa pèspektiv espiritiyèl. Nan kote sa a, pandan tan sèvis tanp lan, nou “andeyò mond lan.”

Yon gwo pati valè okazyon sa yo se lefèt ke nou ap fè yon bagay pou yon moun ki pa ka fèl poukont li. Pandan n ap fè dotasyon pou yon moun ki mouri, nan yon fason nou santi nou mwen ezitan pou n priye epi pou Senyè a ede nou. Lè jèn moun ki marye yo gen desizyon pou yo pran, si yo tou pre yon tanp gen yon gwo valè pou yo ale nan yon sesyon. Gen yon efè pwòpte epi eklere apwopo atmosfè espiritiyèl tanp lan.

Kèkfwa lespri nou si chaje avèk pwoblèm, epi gen sitèlman anpil bagay ki mande atansyon pou yon fwa, ke nou pa ka panse klè ni wè klè. Nan tanp lan pousyè distraksyon bagay mond lan sanble yo ale lwen, konfizyon disparèt, epi nou ka “wè” bagay nou pa t ka wè anvan epi jwenn yon mwayen nan mitan twoub nou yo ke nou pa t wè anvan.

Senyè a ap beni nou pandan n ap akonpli òdonans sakre travay tanp yo. Benediksyon yo pap limite a sèvis nou nan tanp. N ap beni nan tout zafè nou. N ap elijib pou nou jwenn Senyè a pran enterè nan zafè espiritiyèl epi tanporèl nou yo.



*Sal Selès Tamp San Diego nan peyi Kalifoni*

## ATRAVÈ VWAL LA

Nou dwe gen konpreyansyon sou bi ki fè nou bati tanp yo, ak poukisa yo mande nou fè òdonans. Lè sa a, nou ap toujou enstwi epi jwenn limyè sou bagay ki gen enpòtans espirityèl yo. Y ap vini liy apre liy, presèp apre presèp, jiskaske n ap vin gen yon plenitud limyè ak konesans. Sa ap vin yon gwo pwoteksyon pou nou—pou nou chak pèsonèlman. Se yon pwoteksyon tou pou legliz la.

Pa gen okenn travay ki gen plis pwoteksyon pou legliz sa a pase travay tanp ak rechèch jeneyalòjik ki sipòte li. Pa gen travay ki pi rafine espirityèlman. Pa gen travay nou fè ki ba nou plis pouvwa pase li. Pa gen travay ki mande yon si wo prensip jistis.

Travay nou nan tanp kouvri nou avèk yon boukliye epi yon pwoteksyon, ni endividyèl ni antanke pèp.

Se nan òdonans tanp yo ke yo mete nou sou alyans sakre avèk Li—se la nou vin pèp alyans lan.

Si nou aksepte revelasyon ki konsène travay òdonans tanp yo, si nou antre nan alyans nou yo san rezèv ni eskiz, Senyè a ap pwoteje nou. N ap resevwa enspirasyon k ap ase pou pwoblèm lavi nou yo.

Travay tanp yo vre. Sa te revele soti dèyè vwal la epi revelasyon an ap kontinye.

Revelasyon ka vini a chak manm legliz la endividyèlman konsènan travay tanp:

Konsa, vin nan tanp—vini epi ranmase benediksyon nou yo. Se yon travay ki sakre.



LEGLIZ  
**JEZIKRI**  
POU SEN  
DÈNYE JOU YO

HAITIAN



4

02367 93036

3

36793 036